CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #९६

३।११।२०७७

Coronavirus CivActs Campaign (CCC) सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## नेपालमे कोरोना विरुद्धके खोपके ताजा अवस्था

कोरोना विरुद्धके खोपके लेल पहिल प्राथमिकतामे पड्ल जनसंख्या

**९ लाख**

अखन खोपके उपलब्धता

**५ लाख**

जनसंख्याके लेल

पहिल चरणमे खोप लगा चुकल जनसंख्या

**करिब २ लाख**

दोसर चरणमे (फागुन २ सँ फागुन ८ गते तक) खोप लगाएल जायवला जनसंख्या

**करिब ३ लाख**

### दोसर चरणमे किन्हका लगाएल जेतै खोप ?

- जिला तथा ईलाका कार्यालयमे काम करहल कर्मचारीसभ
- बि.ओ.पी.मे काम कलरहल सिपाहीसभ
- बैंकमे काम करहल कर्मचारीसभ
- पहिल चरणमे खोप लगाब छुटल आदमीसभ
- काठमाण्डौ बाहरके पत्रकारसभ

स्रोत: https://cutt.ly/1kBsx4u

## नेपाल अपडेट



सेवा प्रवाहमे अबेर भेलै कहिक मालपोत कार्यालय सुर्खेतमे सेवाग्राहीके नाराबाजीसहित प्रदर्शन ।

चित्र: दिनेश गौतम

### परिक्षण


पिसिआर परिक्षण: २०,९६,७५०

पोजेटिभ: २,७२,०५५

उपचाररत: १,७४४

मृत्यु : २०४५

सन्चो भएका : २,६८,२६६




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला आ तथ्य



सरकार आब कोरोनाके बिरामीके ईलाज नै करब कहने छै ?

नै, २०७७ साल माघ २८ गते सँ सरकारी अस्पताल सभके मात्रे कारोना कोभिड-१९ के ईलाज करवला अस्पतालके रुपमे तोकने छै । अईसँ पहिले निर्धारित चिकित्सा विज्ञान कलेज कोभिड - १९ के ईलाज नै करतै । लेकिन, २०७७ साल माघ २८ गते तक चिकित्सा विज्ञान कलेजमे भर्ना भेल इलाज करारहल संक्रमितके ओई तिथि सँ १० दिनतकके शोधभर्ना सरकार देतै ।


स्रोत: https://cutt.ly/xkBxvpW



जनानी हिंसा सम्बन्धी उजुरी अनलाईनसँ सेहो कर सकैछी कहादन ।

हँ, नेपालभैर कोनोभी जगहमे रहिरहल जनानी अनलाईने सँ उजुरी देब सकके व्यवस्था राष्ट्रिय जनानी आयोग केने छै । अईके लेल http://nwc.gov.np/complaint मे जाऽक अपन व्यक्तिगत विवरण आ हिंसाके प्रकार छनौट कऽक निवेदन पेश कएल जासकैय । लेकिन, झुठ विवरण पेश केलापर लेकिन, कानून अनुसार कार्वाही भोग पड्त ।

स्रोत: http://nwc.gov.np/complaint



कोनो व्यवसाय कर चाहैछी लेकिन, कोरोनाके कारण अखनो बहुतोरास उद्योग व्यवसाय बन्दे छै कहिक सुनैत छी ।

नेपाल सरकार २०७७ आषाढमे केने सर्वेक्षणमे देशके ४.१ प्रतिशत उद्योग व्यवसाय मात्रे पूर्ण सञ्चालनमे रहलामे २०७७ अगहन तकमे ५४ प्रतिशत उद्योग व्यवसाय पूर्ण रुपमे सञ्चालनमे रहल देखाएल छै । ई आंकडा सेहो धिरे धिरे उद्योग क्षेत्र सेहो गति लऽरहल देखल जाऽसकैय । त छै । एना देखलापर अवस्था सामान्य होईत गेल देखल जाऽसकैय ।

स्रोत: https://cutt.ly/ZkBGtAl



हमसभ तऽ प्रधानमन्त्री रोजगार कार्यक्रममे सहभागी होबके लेल निवेदन दऽचुकल छलौ । फेर सरकार सुचिकृत होब कहने छै । कि पहिलेके निवेदन काम नै लगतै ?

अखन सरकारद्वारा जारी केने सूचना अई वर्षके लेल नै भऽक, आ.व. २०७८/७९ के प्रधानमन्त्री रोजगार कार्यक्रममे सहभागी होब चाहवलासभके लेल छै । १८ वर्ष सँ ५९ वर्ष तकके बेरोजगार आदमीके दोसर आर्थिक वर्ष सेहो रोजगार कार्यक्रममे सहभागी होब चाहलापर फेर निवेदन देब पड्त । अईके लेल सम्बन्धित वडामे जाऽक प्रधानमन्त्री रोजगार कार्यक्रम निर्देशिका, २०७५ अनुसार निर्धारित ढाँचामे निवेदन देब परत ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1YgrpZ3WUJQyaxlI0tGishvHhwq-AaH2h/view

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ

३२१०० मे डायल करु


accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| | नेपाली | संक्रमित | नेपाली संक्रमित | मृत्यु भएका नेपाली |
|---|---|---|---|---|
| साउदी अरव | ३,३४,४५१ | ३,७२,७३२ | ५,८०० | ८८ |
| कुवेत | ७१,१९३ | १,७७,७०१ | २,३५० | १२ |
| बहराईन | २६,००० | १,१२,७४२ | ४५१ | ३ |
| कतार | ४,०६,९१७ | १,५७,२४४ | २८,२५० | १८ |
| युएई | २,२४,९०५ | ३४८,७७२ | ५,३५० | ३९ |
| ओमान | १७,०५७ | १,३७,३०६ | ३०० | १ |
| मलेसिया | ५००,००० | २६४,२६९ | २१०० | १ |
| दक्षिण कोरिया | ३८,८६२ | ८३,८६९ | २९ | |

- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली



स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## खाडीके देशसभमे नयाँ संक्रमण बढैत गेलापर नयाँ नियमसभ लागु होईत

### यूएई

- कोभिड - १९ के नयाँ घटनासभ बढैत गेलापर रास अल खैमामे मार्च ५ तकके लेल कोनो भी बड्का समारोहसभ (सभा सम्मेलन) ने करके नियम बनाएलगेल छै त, अज्मानमे सेहो मार्चके अन्त्यतक कोनो भी समारोहसभ नै कर पाएब ।
- रास अल खैमाके सरकारी कार्यालयमे प्रवेश कर आब खोपके दू खोराक लगेनहे होबके नियम अनने छै ।

### कुवेत

फेब्रुअरी २१, २०२१ के बाद आबवला प्रत्येक यात्रीके ७ दिन होटलमे क्वारेन्टाईनमे रह पड्त । क्वारेन्टाईनमे रहल होटलके किराया एहि प्रकार छै :

- 3 Star- Single 130KD Double 180KD
- 4 Star- single 180KD Double 240KD
- Star- single 270KD Double 330KD

### साउदी अरब

फेब्रुअरी १४ तकके लेल कहिक बन्द कएलगेल बहुतोरास समारोह, सभा, सम्मेलन आरो २० दिनतकके लेल बन्द कएलगेल छै ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००


क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# विदेशमे काम करमे कठिनाई, स्वदेशमे पैसा बचेनाई कठिन



नवलपरासीके साविक बञ्जरिया – १, पण्डितपुरके अर्जुन चौधरी अखन घर बनाब मिस्त्रीके काम करैत छैथ । चौधरी स्थानीय विद्यालयमे कक्षा ८ तक अध्ययन केलाके बाद २०५६ साल सँ घर बनाववला मिस्त्रीके काम शुरु केलाह । श्रमिकके रुपमे ई पेशा अपनेने अर्जुन १ के वर्षमे मिस्त्री बैन गेलाक । मिस्त्रीके काम केलाके बादो पैसा बचाब नै सकलाके बाद ६ भाई मे सँ साझिल अर्जुनके घर खर्च चलाब मुश्किल पर लगलै । घर चलाबमे समस्या बढैत गेलाके बाद २ वर्ष पहिले २ लाख खर्च कलक अर्जुन वैदेशिक रोजगारीके लेल कतार पहुचल । ओत रहल स्टील कम्पनीमे काम केने अर्जुन मुश्किल सँ महिनामे २५ हजारतक बचाक घर पठेलक । ऊ वैदेशिक रोजगारीसँ ईच्छा अनुसार कमाई हेतै से सोचने छलाह, लेकिन सोचल अनुसार कमाई नै भेलापर घर फिताए आबके योजना बनेलाह ।

नेपालमे लकडाउन शुरु होब सँ २ महिना पहिले ऊ घर फिर्ता अयलाह । राजमिस्त्रीके कला भेलाके बादो बन्दाबन्दीके समयमे काम नै भेटला सँ भटकतै रह पड़लै । ४ महिनातक कनिया, बेटी आ बेटाके कि खुवाएब से चिन्ता भगेलै । आब ऊ किछ काम पाब लागल छैथ । दैनिक १ हजारतक गामे मे कमाए लागल छैथ ।



घरके जग रखनाई सँ ललक घरके बुट्टा बनाब तकके कला हुनकालग छै । कमाई त बढियें भलरहल छै, लेकिन खाय र रहमे पुगि जाईछै । ऊ देशेमे रहिक काम कर सकैछी से त बुझलाह, लेकिन हुनका बचत करमे सेहो बहुते कठिनाई भेल छै । ऊ कहैत छैथ, "बढिया आम्दनी होबवला जगह भेटल त फेर वैदेशिक रोजगारी मे जाएब । विदेशमा १ दिन काम नै केलापर २ दिनके कमाई काटिदैत छै, लेकिन कमाएल पैसा सब बचत कएल जाऽसकैछै ।"

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस



## दुर्गा माया तामाङ

उपाध्यक्ष, तेमाल गाउँपालिका, काभ्रेपलाञ्चोक

"कोभिड १९ के अखन बहुतेकोई सामान्य रुपमे लेने देखाईत छै । पिछला समयमे कोरोनाके आदमीसभ विसरैत गेल महसुस होब लागल अछि । शुरुमे पुरे गाउँपालिका खटितो अवस्था चूनौतीपूर्ण छलै । स्थानीय सरकार सँ पर्यापत श्रोतसाधन नै छलै । नै त कोनो तैयारी छलै । अखन सबके प्रयास सँ अवस्था सामान्य भेल छै । अखनो सबके सजगता अपनेनाई जरुरी छै । विषाणु कखन कोन रुप लेत केकरो नै बुझल छै ।"

## निशा बराल

स्वास्थ्य सहायक, मंगलटार स्वास्थ्यचौकी, काभ्रेपलाञ्चोक



"शुरुके समयमे स्वास्थ्य क्षेत्रमे खटल आदमीके जरुरतके सामानसभ भेटमे सेहो कठिनाई होई छलै । ओई अवस्थामे हमसभ समुदायके कोनो भी हालतमे सेवा देब पड्त कहिक लगातार खटलौ । कोरोनाके डर उच्च रहल समयमे गाउँपालिका मंगलटारमे क्वारेन्टाइन रखने छलै । क्वारेन्टाइनमे राखलगेल पहिले चरणमे किछमे कोरोना परिक्षणमे पोजिटिभ एलाके बाद समुदायमे आरो त्रास फैलल छलै । हमसभ सूचना प्रवाहके प्रभावकारी बनाक अवस्था सामान्य बनेलौ । अखन त अवस्था सामान्य अवस्थामे आएल छै, लेकिन आदमीके अखनो तक कठिनाई भऽरहल देखैत छी । तहि सँ स्वास्थ्य मापदण्डके पालना कर सबकोई सँ आग्रह करैत छी ।"



## सुरक्षा श्रेष्ठ

बेथानचोक गाउँपालिका, वडा नं ४ काभ्रेपलाञ्चोक

"सबकोई घरमे रहिरहल समयमे हम स्वास्थ्यकर्मीसभ दिनरात कोरोना रोगके विरुद्ध लडिरहल छलौ । ओही समयमे हमरासभके समुदाय नकारात्मक दृष्टिकोण सँ देखैत छल । स्वास्थ्यकर्मीके नजिक होबहे नै चाही जेहन व्यवहार करेत छल । अखन अवस्था सेहो सामान्य होईत गेल छै । अई समयमे नेपाल सेहो कोरोना विरुद्धके खोप अनने छै । अई सँ सेहो सबमे आशा जगेने छै । शुरुमे सबके खोप नै भेटतो, धिरे धिरे मापदण्ड अनुसार सबके भेटतै ।"

# रेडियो कार्यक्रम पद्धती तालिका



## रेडियो कार्यक्रम पद्धती

### संरचना सबैका लागि

| प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती | गण्डकी | लुम्बिनी | कर्णाली | सुदूरपश्चिम |
|---|---|---|---|---|---|---|
| सप्तकोशी एफएम | रेडियो जनकपुर | हेटौडा एफएम | अन्नपूर्ण एफएम | बुटवल एफएम | प्रदेश एफएम | दिनेश एफएम |
| हरेक मंगलबार बिहान ७:३० बजे | हरेक शनिबार बिहान ७:०० बजे | हरेक मंगलबार बिहान ७:३० बजे | हरेक आइतबार बिहान ८:३० बजे | हरेक शनिबार बिहान ७:३० बजे | हरेक सोमबार बिहान ७:३० बजे | हरेक शनिबार बिहान ७:०० बजे |
| पुन: प्रसारण हरेक बिहिबार बेलुका ७:०० बजे | पुन: प्रसारण हरेक बुधबार बिहान ७:०० बजे | पुन: प्रसारण हरेक बुधबार बेलुका ७:३० बजे | पुन: प्रसारण हरेक मंगलबार बेलुका ७:१५ बजे | पुन: प्रसारण हरेक सोमबार बेलुका ७:३० बजे | पुन: प्रसारण हरेक मंगलबार दिउँसो २:१५ बजे | पुन: प्रसारण हरेक आइतबार बेलुका ९:०० बजे |

प्रसारणको रेकर्ड तपाई YouTube र Soundcloud मा पनि सुन्न सक्नु हुन्छ

Civic Action Teams

https://soundcloud.com/accountability_lab

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दळक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs